Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 47 (6786) 13 декабрь 2021 с. Итни Жумадул авал 1443 с. Багъа - эркенаб



НОМЕРАЛДА РУГО:



ЧIиркъатIа сквер рагьана

- 2 гьум.




Гумбеталда – наибасул цIар кьураб мажгит

- 2 гьум.



Амина ГIабдулмажидовалъе – шапакъат

- 4 гьум.



Мурадбег МухIамадовасул иргадулаб бергьенлъи

- 3 гьум.

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

## Игьалиса гьунар тIокIал вацал

### ТIолгороссиялъул ва халкъазда гьоркьосел къецазул церехъаби

**Бакълъул районалъул Игьали росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби ГъазимухIамад ва МухIамадрасул МухIамадовазе тIолгороссиялъул ва халкъазда гьоркьосел къецазда бергьаралъухъ районалъул администрациялъул хIурматиял грамотаби кьуна. Гьунар тIокIал цIалдохъабазе шапакъатал кьуна Гумбет районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас.**

Гьединго Гъалиповас сайгъатал кьуна бергьенлъи босарал васазул эбелалъе, Игьали росдал гьоркьохъеб школалъул историялъул ва обществознаниялъул мугIалим ГIайшат Саидовалъе. Вацал МухIамадовазул тIолгороссиялъулаб, халкъазда гьоркьосеб даражаялъул кубаказул, медалазул, граматабазул бачIин бечедаб буго. 7-абилеб классалъул цIалдохъан ГъазимухIамад МухIамадов бергьана тIолгороссиялъулаб лъайкьеялъулгун туристикияб «ЦIирагьиязул улка» абураб гIолилазул цоцалъ лъикIаб бухьен гъабиялъул информационнияб материал



къецалъулъ.

ГъазимухIамад гьединго бергьана лъайкьеялъул идарабазда гьоркьоб тIобитIараб хIадуриялъул конкурсалда «Видеоролик» абураб номинациялда. Гьеб къецалъул хIасилалда цIалдохъанасе щвана тIоцебесеб даражаялъул диплом ва 45-азарго гъурущ «Хьиргъу» тукадаса видеоял рахъизе хIажатаб тIагIел босизе.

МухIамадовазул хъизамалъул кIудияв вацасе щвана «Иман, ислам, ихIсан» абураб конкурсалда тIоцебесеб бакI. ГьитIинав вац МухIамадрасул МухIамадовги къоларо кIудияв вацасукьа. 5-абилеб классалда цIалулев гьес тIоцебесеб бакI босана халкъазда гьоркьосеб шигIрияб лъималазул конкурсалда. Гьединго «ТIабигIат цIуни- щивасул иш» абураб халкъазда гьоркьосеб лъималазул премиялъул лауреатги ккола гьев, «Рохьал цIуне» абураб конкурсалда тIоцебесеб бакIалъеги мустахIикълъана. Бакълъулазул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас баркалаялъулал кагътал кьуна васал куцарай эбелалъе ва гьел хIадурарай мугIалималъе.

**«Гумбет» РИО**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ…

## ГIалихан ДавудхIажиев ва Шамил Мажидов – районалъул нухмалъулесул кумекчагIи

**Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас 2021-абилеб соналъул 6-абилеб декабралъ муниципалитеталъул хIаракатчагIазда рихьизаруна бакълъулазул бетIерасул цIияв кумекчи ва гIакълучи. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул коррупциялда данде къеркьеялъул рахъалъан кумекчилъун тана ДавудхIажиев ГIалихан ИбрагьимхIажиевич. 2003-2021-абилел соназ гьев хIалтIана ЦIиликь росдал бегавуллъун.**



Гьединго Гъалип Гъалиповас Бакълъул районалъул бетIерасул гIакълучилъун тана полициялъул отставкаялда вугев, Россиялъул Бакълъул районалда бугеб ОМВ-Дялъул нухмалъулевлъун хIалтIарав Мажидов Шамил ХIусенович. Гъалип Гъалиповасул рагIабазда рекъон, ГIалихан ДавудхIажиев ва Шамил Мажидов руго социалиябгун экономикиял суалал тIуразе, муниципалитет цебетIезабизе бажари бугел хIалтIухъаби. Гъалиповас баркана гьезда цIияб хъулухъалда тей, гьарана хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Гъалип Гъалипов: « КIвар буссинабизе ккола 60 соналдаса тIадехун арал гIадамал инфекциялдаса цIуниялде»

### Микьазарго бакълъулас вакцинация гьабуна

**2021-абилеб соналъул 6-абилеб декабралда Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас цIи баккараб коронавирусалъул инфекциялда дандечIей гьабиялъул суалазда тIасан данделъи тIобитIана. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъулесул заместитель Малик Маликовас, Гумбеталъул бетIерасул кумекчи Муса КъурамухIамадовас,**

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ПалигI-хIажи



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## ЧIиркъатIа сквер рагьана

**Гумбет районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас Бакълъул районалъул ЧIиркъатIа росулъ «СанагIатаб шагьаралъулъ Бакълъул мухъалда бугеб филиалалъул директор Ибрагьим Ибрагьимовас, Гумбет районалъул администрациялъул бакIал раялъул ваархитектураялъулбетIерав** гьабизе бугин. ЧIиркъдерица баркала загьир гьабуна районалъул, Дагъистаналъул ва Россиялъул тIалъиялъе бакълъулазул гIумру лъикIлъизе квербакъулел проектал нухда-







**лаб свери» абураб программаялда рекъон къачIараб сквер рагьана. Рохалилаб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна ЧIиркъатIа росдал бегавул МухIамад МухIамадбакировас, ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб ДРялъул Миллияб музеялъул специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас, ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалъул директор МухIамад МухIамадовас ва цогидаз.**

Гъалип Гъалиповас баркана чIиркъдерида сквер рагьи ва абуна гьеб росу ва тIолабго район цебетIезе бажарараб инаруралъухъ.

Сквер буго «Нур» ясли-ахалда аскIоб Имам ГъазимухIамадил цIаралда бугеб къотIноб. Гьеб къачIаялъул хIалтIаби гьаруна «Геострой-групп» ОООялъ.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Гумбеталда – наибасул цIар кьураб мажгит

### Гъоркь Инхо росулъ тадбир тIобитIана

**Бакълъул районалъул Гъоркь Инхо росулъ Шамил имамасул наиб Инхоса СагIидил цIар кьураб мажгит рагьана. Гьеб рохалилаб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас, Дагъистаналъул Муфти АхIмад Афандил (къ.с.) заместитель МухIамад Мангуевас, ДРялъул Муфтиясул кумекчи Идрис Асадулаевас, Ставрополь краялъул Муфтиясул заместитель, гIараб филологиялъул тохтур Шигьабудин ХIусеновас, районазул ва росабазул имамзабаз ва цогидаз.**



Азарго чиясе бакI бугеб мажгит ккола гьеб, Аллагьасул рукъ базе кумек гьабуна ГIахьвахъ районалдаса сахаватчи ХIамзат Сахратулаевас. «Гъоркь Инхо росдал ХIурматияв гражданин» абураб цIар кьуна гьесие. Динияб бакI рагьиялъул тадбиралда кIалъазе рахъана Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов, ДРялъул Муфтиясул заместитель МухIамад Мангуев, Муфтиясул кумекчи Идрис Асадулаев ва цогидал.

КIалъазе рахъараз баян гьабуна мугIрузулаб рахъалъулги гIатIиракьалъулги бухьен гьабулеб республикаялъулаб даражаялъул МахIачхъала- Болъихъ трассаялда аскIоб мажгит рагьи кIвар цIикIкIараб иш букIин.

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

БАРКИ

## 12 декабрь - Россиялъул Конституциялъул къо

**ХIурматиял районцоял! Баркула нужеда араб пачалихъияб байрам - Россиялъул Конституциялъул къо! Россиялъул Конституция ккола нилъер пачалихъ демократияб рахъалъ цебетIеялъе, ракълие, миллияб цолъиялъе ва жамгIияталъул гьудуллъи щулалъиялъе щулияб кьучIлъун. РФялъул цIияб Конституция къабул гьабуна цIигьабун гIуцIиялъул карачелалъ улкаялда лъугьинабураб кIвар бугеб багъа-бачариялъул ва хиса-басиязул заманалда, гражданазул демократия цебетIеялъул, гьезул эркенлъи ва ихтиярал цIуниялъул, Россиялъул Федерациялъул гIемер миллатазулаб халкъалъул тарихияб цолъи цIуниялъул мурадалда. Нилъер гIаммаб масъала ккола Конституциялъ лъазабураб щинаб: буголъи, къиматабщинаб щула гьаби ва чIарахьараб гIумру гьабизелъун гIуцIарухъанлъиялъулаб пайдаяб хIалтIи гьаби. Божилъи загьир гьабула Россиялъул Конституциялде мугъчIвайги гьабун кIудияб Россиялъул гьитIинабго бутIалъун ккoлеб нилъер районалъул гIадамаз хIаракат бахъизе букIиналда цолъи, вацлъи, рагIи дандекколеб рухIияб цебетIей цIуниялъул, цере чIарал масъалаби тIуразариялъул рахъалъ. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, икъбал-талихI, хIалтIулъ бергьенлъаби, цIунаги щибаб хъизан кварилъи - балагьалдаса, ургъелалдаса, пашманлъиялдаса!**

**«Гумбет район»<br>муниципалияб<br>районалъул бетIерасул<br>ишал тIуралев<br>Гъалип Гъалипов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЪ

## Гъалип Гъалипов: « КIвар буссинабизе ккола 60 соналдаса тIадехун арал гIадамал инфекциялдаса цIуниялде»

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.) муниципалитеталъул ЦРБялъул эпидемиолог Апанди Сулеймановас ва цогидаз.**

Данделъи рагьулаго, Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас хитIаб гьабуна маскаби хеялъул низам хвезабугеян ва суалалги.

Гьедин, Малик Маликовас ракIалде щвезабуна АТКялъул киналго хIукмаби гIужда тIуразе кколеблъи. Муниципалитеталъул финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас абуна транпорталъулал ва цогидал



медицинаялъул идарабазул цогидал тIалабал цIунеян, ковидалда данде гIаммаб иммунитет чIезабиялъулъ жигарго гIахьаллъеян.

«Дунялалда 4 млн цIикIкIун чи хвана коронавирусалъул инфекциялъ, вакцинация гьабун, гIаммаб иммунитет чIезабиялъ квербакъизе буго ахIвал-хIал лъикIаб рахъалдехун хисизабиялъе.

ТIоцебесеб иргаялда кIвар буссинабизе ккола 60 соналдаса тIадехун арал гIадамал гьеб инфекциялдаса цIуниялде»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас. Гумбеталъул ЦРБялъул эпидемиолог Апанди Сулеймановасул рагIабазда рекъон, районалда микьазаргогIанасев чияс гIахьаллъи гьабун буго вакцинация гьабиялъулъ. Данделъиялда гьединго рорхана районалъул цогидал кIвар бугел налогал ракIариялъул хIасилал лъикIлъизареян. Бакълъулазул росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовас баян гьабуна хасало гьабулеб рекьи лъугIун букIиналъул.

Тадбиралъул хIасилал гьарулаго, Гъалип Гъалиповас лъазабуна киналго федералиял ва цогидал программабазда рекъон ралел, къачIалел бакIал гIужда ва лъикI лъугIизареян, бакълъулазул гIумрудул шартIал лъикIлъизе хIаракат бахъеян.

Араб анкьалъ Гъалип Гъалипов гьединго дандчIвана Гумбет районалъул ЦРБялъул бетIерав тохтур Муртуз Нажмудиновгун. Гьез рорхана бакълъулазул сахлъи цIуниялъул, медучреждениял дарабаздалъун, лъедалъун хьезариялъул суалал.

**«Гумбет» РИО**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна.

Игьалиса Чупалав



# Гумбеталда – наибасул цIар кьураб мажгит

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)**

Гьеб базе гIарцулаб ва цогидаб рахъалъан кумек гьабуразе баркала загьир гьабуна.

Гьеб Аллагьасул рукъалъе цIар кьураб Шамил имамасул наиб Инхоса СагIид вукIана Северияб Кавказалъул кIудияв гIалимчи, кьварарав цевехъан, хIалбихьи бугев пачалихъияв ва диният хIаракатчи. Гьес гIахьаллъи гьабуна АхIулгохI тушманасдаса цIуниялъулъ ва цогидал чIахIиял кьалулъ. Сахаб гIамал бугев ва сундулъго гьунар тIокIав инсан вукIиналъ имам Шамилица цIакъ къимат гьабулаан гьесул.СагIид вукъун вуго жиндирго гIагараб росулъ – Гъоркь Инхов.

Тадбиралда гьединго кIалъазе рахъана Ставрополь краялъул Муфтиясул заместитель, гIараб филологиялъул тохтур Шигьабудин ХIусенов, Бакълъул районалъул имам Шамил ХIажиев, Хьаргаби районалъул имам Тажудин ГIабдулаев ва цогидал. Нашидал ахIун, тадбир берцин гьабуна Дагъистаналъул мустахIикъав артист ХIамзалав ХIамзалаевас.

Мажгит базе квербакъарав сахаватчи ХIамзат Сахратулаевасе Дагъистаналъул Муфтиясул заместитель МухIамад Мангуевас кьуна ДРялъул Муфти шайих АхIмад Афандил (къ.с.) цIаралдасан баркалаялъулаб кагъат, Къуран ва цогидал сайгъатал. Гьединго кIодо гьавуна сахаватчи Башир МухIамадовасул вакилги.

ЦIияб мажгит буго Инхоса ГIали-хIажил цIаралда бугеб къотIноб. Мажлис бачана «Инсан» гурхIел-рахIмуялъул фондалъул бетIерав директорасул заместитель Рамазан Жаватхановас. Тадбир берцин гьабуна «Гьими» ясли-ахалъул тарбиячагIазул художествиял церерахъиназ, киналго байрамалъул гIахьалчагIазе чIезабун букIана квенги.

Мажлисалъул ахиралда Гъоркь Инхо росдал бегавул ГIумарасхIаб Расуловас баркала загьир гьабуна мажгит базе ва рагьизе кумек гьабуразе, гьалбадерие, киналго тадбиралъул гIахьалчагIазе.

**«Гумбет» РИО**

# «РекIел гьаракь рекъонккей - 2021»

### Набигула АхIмадибировасе – шапакъат

**Россиялъул Бакълъул районалда бугеб халкъазул гIадатияб маданияталъул централъул нухмалъулев, Дагъистаналъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасе тIолго халкъалъулаб «РекIел гьаракь рекъонккей 2021» абураб фестиваль-конкурсалъул сертификат щвана. Гьеб кьец тIобитIун букIана маданияталъул, социалияб рахъалъ хъулухъ гьабиялъул идарабазда гьоркьоб.**

АхIмадибировас конкурсалде битIун букIана «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» абураб документалияб фильм. КIиазарго хIалтIуда гьоркьоса гьеб борчIана бищун лъикIазул сияхIалде гьорлъе.



Гьединго Набигула АхIмадибировасул РФялъул ва ДРялъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчилъималазулгун гIолилазул кьурдулаб «ВатIан» кьокьаялъул нухмалъулев ГIали МухIамадгIалиевасул творческияб нухалъул хIакъалъулъ бахъараб «ГIумру кьурдулъ» абураб фильм XIX Регионалияб «Нур» конкурсалъул бищун лъикIал абун цIар кьурал 3 фильмазде гьорлъе ккана.

АхIмадибировасе шапакъатал Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас кьуна. Маданияталъул хIаракатчиясда гьес баркана ва гьарана щулияб сахлъи, сундулъго битIккей.

**«Гумбет» РИО**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# Мурадбег МухIамадовасул иргадулаб бергьенлъи

### Шапакъатал гIемерлъаги

**Дагъистаналъул тахшагьаралда тIобитIараб республикаялъулаб грепплингалъул DCC Championship 2021 турниралда бергьенлъи босана Бакълъул районалдаса Мурадбег МухIамадовас.**

Гьев гьавуна 1995-абилеб соналъул 12-абилеб октябралда Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ. ЛъугIизабуна МелъелтIа гьоркьохъеб школа ва цIализе ана МахIачхъалаялде. ДГУН-Хялъул налоговияб факультетги лъугIизабун, 2017-абилеб соналъ Мурадбег ана ВатIаналда цебе тIадаб налъи борхизе.

Эркенаб гугариялде гьитIинго бижана рокьи. Гьедин, МелъелтIа спортшколалде тренер Барти Астемировасухъе хьвадана, гIахьаллъана батIи-батIиял кьецазулъ, росана бергьенлъаби. Мурадбег МухIамадов вахъана Россиялъул спортивияб гугариялъул спорталъул мастерлъун, Дагъистаналъул грепплингалъул чемпионлъун, Дагъистаналъул киналго тайпаязул каратеялъул чемпионлъун, СКФОялъул грепплингалъул чемпионлъун, грепплингалъул Россиялъул Кубокалъул, дунялалъул Кубокалъул чемпионлъун.



Щвана гьединго джиу-джитсуялъул хъахIилаб рачел, жеги гIемерал эркенаб гугариялъул турниразул призерлъунги вахъана. Баркула Мурадбегида иргадулаб бергьенлъи щвей, гьарула щулияб сахлъи, гIумрудулъ ва спорталъулъ цебетIей.

**Зугьра ГIабдулкъадиров**

СТРАНА ГОР

# Сергей Меликов встретился с известными борцами Абдулрашидом Садулаевым и Кайлом Снайдером

**Глава РД Сергей Меликов 6 декабря 2021 года провёл встречу с олимпийскими чемпионами по вольной борьбе Абдулрашидом Садулаевым и Кайлом Снайдером, а также со спортсменом Зелимханом Картоевым, выступающим за сборную Турции.**



Об этом сообщает официальный сайт Главы РД. Отметим, что в Гумбетовском районе функционируют две спортшколы, установлены воркаут-площадки, в сёлах имеются спортзалы. Руководитель Гумбетовского района Галип Галипов уделяет большое внимание развитию профессионального и массового спорта в муниципалитете

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Гамзат Изудинов принял участие в медиафоруме

**Главный редактор еженедельника «Гумбет», член Союза писателей России, лауреат премии Александра Блока Гамзат Изудинов принял участие в медиафоруме «Региональные СМИ в условиях новой цифровой реальности: векторы развития».**

В рамках форума также состоялась пресс-конференция Главы РД Сергея Меликова. На открытии форума, которое состоялось 9 декабря 2021 года, выступили Глава РД Сергей Меликов, председатель Союза писателей России Николай Иванов, первый заместитель гендиректора ТАСС Михаил Калмыков и другие.

Отметим, что медиагруппа «Гумбет» является одним из ведущих СМИ среди муниципалитетов Дагестана. В 2022 году газете «Гумбет» исполнится 70 лет.

В 2021 году сотрудниками медиагруппы «Гумбет» написано более 5 тысяч новостей, с участием съемочных групп федеральных и республиканских телеканалов в районе прошли пресс-туры «Аварская папаха», «Долина Страны солнца», «Цилитлинская осень», «Страна народов», «Всадники Кавказа» и другие мероприятия, направленные на улучшение имиджа и инвестиционной привлекательности муниципалитета. Работа форума продолжится до



11 декабря 2021 года. В рамках медиафорума пройдет презентации Антологии художественной публицистики народов России, в которую вошла публикация Гамзата Изудинова «Расул Гамзатов и село Средний Арадирих». Данная антология издана в Москве деятелями Программы поддержки национальных литератур народов России.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Галип Галипов посетил центральную районную библиотеку им. Али-гаджи из Инхо

**Накануне и. о. главы Гумбетовского района Галип Галипов и его помощник Муса Курамагомедов посетили центральную районную библиотеку Гумбета имени Али-гаджи из Инхо.**



В ходе встречи руководитель муниципалитета ознакомился с основными направлениями деятельности социокультурного учреждения, совершил обход по отделам библиотеки, поинтересовался, с какими основными проблемами сталкиваются сотрудники.

Как отметил Галип Галипов, библиотека – место отдыха и просвещения, для развития библиотечного дела в муниципалитете будет уделено пристальное внимание.

**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# 12 декабря – День Конституции России

**12 декабря в России отмечается день Конституции. До 2005 года День Конституции был государственным праздником и выходным днем. После 2005 года этот день был причислен к памятным датам. В текущем году исполняется 28 лет Конституции России, в связи с чем, хотелось напомнить некоторые факты об Основном законе России:**

История рождения действующей Конституции РФ, принятой всенародным голосованием (референдумом) 12 декабря 1993 года, продолжалась 3,5 года. У Конституции РФ было более тысячи авторов.

На всенародное голосование 12 декабря 1993 года пришли 54,8% граждан. Из них за принятие Конституции РФ высказались 58,4%, против - 41,6%. 25 декабря 1993 года текст Конституции РФ был официально опубликован в «Российской газете», и она вступила в силу.

При вступлении в должность президент Российской Федерации приносит присягу народу на специальном экземпляре Конституции Российской Федерации. Текст присяги закреплен статьей 82 Конституции РФ.

Переплет специального экземпляра Конституции сделан из тончайшей кожи (варана) красного цвета, на обложке - накладной серебряный герб России и тисненная золотом надпись «Конституция России». Официальное описание этого атрибута никогда не утверждалось.

С 1994 года указами президента России «О Дне Конституции Российской Федерации» и «О нерабочем дне 12 декабря» день 12 декабря был объявлен государственным праздником.

Госдума 24 декабря 2004 года приняла поправки в Трудовой кодекс РФ, которые изменили праздничные дни в России.

С 2005 года 12 декабря не является в России выходным днем, а День Конституции 12 декабря причислен к памятным датам России.

**М.А. Магомедов,**
**Заместитель прокурора**
**Гумбетовского района**

СТРАНА ГОР

# Дагестан в 2021 году собрал рекордный урожай риса – 115 тысяч тонн

**В Дагестане в текущем году собрано 115 тыс. тонн риса, что является лучшим результатом в истории рисосеяния региона.**

Об этом проинформировал первый заместитель министра сельского хозяйства РД Шарип Шарипов, сообщает РИА «Дагестан». Отмечается, что общая площадь рисовых полей в республике – 25,7 тыс. га.

**РИО «Гумбет»**

ГІЕЛМУ – ХАЗИНА

# Амина ГІабдулмажидовалъе – шапакъат

**ТІолгороссиялъулаб олимпиадаялда – тІоцебесеб бакІ**

**Гумбет районалъул ЧІиркъатІа росулъа кІиабилеб классалъул цІалдохъан Амина ГІабдулмажидова ТІолгороссиялъулаб «Нарын-Хъала-2021» абураб менталияб арифметикаялъул олимпиадаялда бергьана.**



Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тІуралев Гъалип Гъалиповас гьитІинай бакълъулалъе хІурматияб грамота ва гІарцулаб сайгъат кьуна. Муниципалитеталъул нухмалъулез кІудияб кІвар кьола лъайкьей цебетІеялъе, цІиял гІелазул гьунарал загьирлъиялъе. Гьеб мурадалда нилъер ракьалда нухдаинарулел руго батІи-батІиял проекталги. Гьедин, 2021-абилеб соналъул декабрь моцІалда ЧІиркъатІа рагьана «СанагІатаб шагьаралъул свери» абураб программаялда рекъон къачІараб сквер.

**«Гумбет» РИО**

#СТОПКОРОНАВИРУС05 #ВАКЦИНАЦИЯ05

# Гумбетовский район вошел в тройку лидеров по борьбе против COVID-19

**Глава РД Сергей Меликов на заседании Оперштаба по борьбе с COVID-19, которое прошло 7 декабря 2021 года, озвучил списки муниципалитетов Дагестана, которые достигли целевых показателей, выполнили задачу и вошли в «зелёную зону» по темпам вакцинации от ковида.**



В тройке лучших по данному вопросу расположились Хивский (88,7 %.), Докузпаринский (82,1 %) и Гумбетовский (81,2 %) районы. Руководитель Гумбетовского района Галип Галипов поблагодарил сотрудников Гумбетовской районной поликлиники, прививочных пунктов, инфекционного отделения ЦРБ района, медиков, которые трудились в «красной зоне», всех, кто привился и внёс лепту в недопущение распространения пандемии COVID-19 на территории муниципалитета.

**РИО «Гумбет»**

#СТОПКОРОНАВИРУС05 #ВАКЦИНАЦИЯ05

# Калимат Магомедова: «Российские вакцины защищают от всех штаммов COVID-19»

**Жительница села Чирката Гумбетовского района 1956 года рождения Калимат Магомедова привилась от ковида в прививочном пункте родного села и призвала людей принять активное участие в выработке коллективного иммунитета к этой инфекции – в массовой вакцинации от COVID-19.**



«Уважаемые жители Гумбетовского района! Российские вакцины защищают от всех штаммов COVID-19. Не слушайте лжеспециалистов и антипрививочников, вакцинируйтесь от этой опасной инфекции – обезопасьте себя и окружающих от болезни», – сказано в обращении Калимат Магомедовой.

Отметим, что руководитель Гумбетовского района Галип Галипов также призвал граждан привиться от ковида, прививочные пункты работают в сёлах Мехельта, Игали, Нижнее Инхо и Чирката.

**РИО «Гумбет»**

БетІерав редактор:
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияб секретарь: Зугьра ГІабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гьорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.